

## BAB V

### KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

#### 1.1 Kacindekan

Dumasar kana déskripsi jeung hasil analisis data nu dipidangkeun dina Bab VI, aya tilu hal nu perlu dicindekkeun nya éta perkara omongan, struktur, jeung pragmästilistikna.

##### 1. Deskripsi Naskah Drama Rajapati

deskripsi naskah kaguar aya 392 paguneman tina 16 kaca. Kabagi kana dua bagéan paguneman diantarana; nu kahiji aya 386 paguneman langsung; nu kadua aya 6 paguneman mimik. Anapon tingkesan carita dina naskah drama rajapati, nya éta nyaritakeun hiji penomena sosial nu biasa nyampak dina kahirupan masyarakat sapopoé. Ayana hiji kabiasaan urang Sunda nu biasa ngumpul ngariung saumpama aya hiji pasualan. Singetna nyaritakeun hiji tokoh sentral nya éta Darma anu kalengitan pamajikanana nyi Ijah nalika nyeseuh di walungan Cikanyéré, békana nyi Ijah aya nu mergasa tuluy mayitna dipalidkeun ka solokan. Ti dinya timbul sababaraha sangkaan nu dimimitian ku Lurah jeung ditegeskeun ku Darma ngenaan laporan manéhna ka Kuwu yén aya sababaraha jalma anu dijadikeun tersangka utama ngenaan kasus dipergasana nyi Ijah. Tersangka kahiji kasebut ngaran nyi Icih, manéhna dijadikeun tersangka ku sabab aya laporan ti Émeh yén nu terahir babarengan nyeseuh jeung nyi Ijah nya éta Icih. Katambah-tambah aya hiji unek-unek nu dibijilkeun ku Darma ngeunaan mangsana nu bahela pernah rumah tangga jeung Icih, Darma nyangka yén Icih nyeri haté geus dipirak ku manéhna. Tersangka kadua kasebut ngaran Odah, manéhna dijadikeun tersangka ku sabab laporan ti Icih nu nyebutkeun yén Odah nu terahir nyeseuh jeung nyi Ijah téh lain manéhna. Katambah-tambah aya laporan ti Darma nu nyebutkeun yén pantes lamun Odah mergasa nyi Ijah, da manéhna geus diputuskeun ku Darma basa keur bobogahan. Tersangka katilu kasebut ngaran Éméd,

manéhna dijadikeun tersangka ku sabab aya laporan ti Odah yén nu terakhir katinggali jeung nyi Ijah téh Éméd. Katambah-tambah aya laporan ti Darma, teu salah lamun Éméd palakuna da manéhna pernah diputuskeun ku nyi Ijah saméméh kawin ka Darma. Tersangka nu kaopat kasebut ngaran Mardi, manéhna dijadikeun tersangka ku sabab aya laporan ti Éméd nu nyebutkeun yén Mardi nu terahir katinggali bareng jeung nyi Ijah. Katambah-tambah aya laporan ti Darma nu nyebutkeun yén pantes lamun Mardi mergasa nyi Ijah, da Mardi téh sirikeun kana pakaya Darma. Salila prosés inpéstigasi ti pa Kuwu ka sakabéh tersangka opatanana teu ngaku, sababna mah teu rumasa mergasa nyi Ijah. Ramé silih tuding jeung ngedalkeun unek-unek masing-masing ti jeuro imah jol kaluar nyi Ijah némbongkeun dirina. Sakabéh jalma nu keur ngariung reuwas, asa ninggali jurig, manahoréng salila ieu nyi Ijah téh teu kunanaon, tapi manéhna nulungan alona nu nincek beuling karahetan. Jadi salila ieu téh tuduhan Darma teu kabuktian, nu tungtungna nimbulkeun katengenah ti sakabéh jalma nu ngariung.

## 2. Struktur Naskah Drama Rajapati

Unsur struktur anu aya dina naskah drama Rajapati téh ngawengku struktur lahir jeung struktur batin. Dina ieu hal nya éta perkara struktur batin nu ngawengku kana téma, nada, rasa, jeung amanat. **Téma** anu kapanggih dina ieu naskah nyaéta kaasup téma *sosial* (salah sangka). **Nada** anu kapanggih dina naskah drama ieu nya éta nada katineung, keuheul, ambek, nyungkun, ketir, hariwang, pangajak, jeung pangeling. Nada di dieu mangrupa kaayaan batin si pangarang nalika nulis ieu naskah. **Rasa** nu kapanggih dina ieu naskah nya éta rasa sono, katineung, bingung, melang, keuheul, ambek, jeung nyungkun. Rasa di dieu mangrupa rasa nu dibalukarkeun sanggeus maca ieu naskah. **Amanat** nu ditepikeun dina ieu naskah intina nya éta ngélingan pikeun saban manusa ulah ngalahalalkeun sagala cara dina nyumpon kahayang, ulah péda sagala boga ngarasa wani pikeun tudang-tuding kanu pakayana sahandapeun, sarta kudu hadé

lampah minangka konci kasalametan jeung kabagjaan di dunya jeung ahératna. Unsur struktur lahir nu kapanggih dina ieu naskah nya éta pertélaan palaku, babak jeung adegan, candraan, latar (*setting*), paguneman. **Pertélaan palaku** di dieu kabagi kana sapuluh palaku Lurah, Darma, Kuwu, Émeh, Kulisi, Icih, Odah, Éméd, Mardi, jeung Ijah. *Lurah* miboga sifat wijaksana, gampil kapangaruhan, hormat ka atasan. Darma miboga sifat nyaahan, apik, pelit, gede ambek, licik, borangan jeung individualis. Kuwu miboga sifat perhatian, mata keranjang, borangan, jeung asal nuduh. Émeh miboga sifat taat jeung informan sajati. Kulisi miboga sifat taat ka atasan. Icih miboga sifat taat, sompong, tukang ngagosip, jeung teu bersyukur. Odah miboga sifat nyaahan, taat, jeung bersyukur. Éméd miboga sifat nurut, babari kahasut, jeung gampang ambek. Ijah miboga sifat welas asih jeung émosian. **Babak jeung adegan** aya hiji babak jeung tujuh adegan. **Candraan** mangrupa Rajah. **Latar** (*setting*) tempat di harepeun imah Drama jeung di solokan Cikanyéré jeung Cigeudé. Waktu nya éta wanci haneut moyan. **Paguneman** dina ieu naskah aya 392 kalimah langsung.

### 3. Pragmastilistik Naskah Drama Rajapati

Hasil tina ieu panalungtikan kapaluruh saba'da ditalungtik yén aya tilu kacindekkan dina ieu panalungtikan. Kahiji, loba pamakéan verba perfomatif dina ieu naskah diantarana nya éta:

- 1) Asértif: ngedalkeun aya 138 data (36,51%), ngabéjakeun aya 9 data (2,38%), jeung ngabéjakeun-ngedalkeun aya 2 data (0,52%).
- 2) Diréktif: meredih aya 117 data (30,95%), Nitah aya 41 data (10,85%), nyarankeun aya 4 data (1,10%), jeung nantang aya 2 data (0,52%).
- 3) Éksprésif: ngedalkeun aya 7 data (1,85%), nyalahkeun aya 29 data (7,76%), ngarewong aya 3 data (0,80%), jeung muji aya 1 data (0,26%).
- 4) Deklaratif: nyarek aya 2 data (0,52%), ngedalkeun aya 5 data (1,32%),
- 5) Komisif: ngajangjikeun aya 4 data (1,10%), ngancem aya 5 data (1,32%),

- 6) Campuran: [Asértif-Ngedalkeun]-[Komisif-Ngancem] aya 2 data (0,52%), [Asértif-Ngedalkeun]-[Diréktif-Nitah] aya 2 data (0,52%), [Diréktif-Meredih]-[Komisif-Ngancem] aya 1 data (0,26%), [Diréktif-Meredih]-[Asértif-Ngedalkeun] aya 3 data (0,80%), jeung [Éksprésif-Ngedalkeun]-[Asértif-Ngedalkeun] aya 1 data (3,65%).

Kadua, gaya basa dina paguneman naskah bisa dikelompokkeun dumasar dua hal, dumasar struktur kalimah jeung langsung henteuna ma'na.

Dumasar struktur kalimahna 233 data dibagi kana lima kelompok nya éta; 1) klimaks aya 103 data (44, 21%), 2) antiklimaks aya 48 data (20,60%), 3) paralélisme aya 65 data (27,90%), 4) antitesis aya 15 data (6,43%), jeung 5) repetisi, aya 2 data (0,86%).

Dumasar langsung henteuna ma'na, aya 352 data, tuluy dikelompokkeun jadi dua, nya éta (1) retoris, aya 332 data jeung (2) kiasan, aya 20 data.

Majas retoris dikelompokkeun deui jadi tujuh, nya éta; 1) asindéton aya 163 data (49,24%), 2) polisindéton, aya 122 data (36,85%), 3) bombastis aya 10 data (3,01%), 4) kontradiksio aya 3 data (0,90%), 5) prolepsis aya 31 data (9,36%), 6) hiperbola aya 1 data (0,30%), jeung 8) paradoks, aya 1 data (0,30%).

Majas kiasan dikelompokkeun jadi tujuh, nya éta; 1) alégori aya 2 data (10%), 2) sinékdoke aya 7 data (35%), 3) simile aya 2 data (10%), 4) métáfora aya 1 data (10%), 5) métonimia aya 4 data (20%), 6) personifikasi aya 1 data (10%), jeung 7) ironi aya 3 data (15%).

Katilu, ditinggali tina hubungan verba perfomatifna jeung majas, paguneman dina naskah drama rajapati kabagi kana 19 pola diantarana nya éta; 1) **Verba Perfomatif Ngedalkeun (VP1)** klimaks, paralélisme, antitésis, antiklimaks, ironi, alégori, sinékdoke, personifikasi, métonimia, métáfora, polisindéton, asindéton, bombastis, kontradiksio, prolépsis; 2) **Verba Perfomatif Ngabejakeun (VP2)** antiklimaks, paralélisme, asindéton, polisindéton; 3) **Verba Perfomatif Ngabejakeun-Ngedalkeun (VP3)** antiklimaks, paralélisme, bombastis, asindéton; 4) **Verba Perfomatif Meredih (VP4)** répétisi, antitésis, paralélisme, klimaks, antiklimaks, simile, métonimia, sinékdoke, asindéton, polisindéton, prolepsis, bombastis, Paradoks; 5) **Verba Perfomatif Nitah (VP5)** paralélisme, klimaks, antiklimaks, sinékdoke, polisindéton, asindéton, bombastis; 6) **Verba Perfomatif Nyarankeun (VP6)** klimaks, antiklimaks, asindéton; 7) **Verba Perfomatif Nantang (VP7)** klimaks, asindéton; 8) **Verba Perfomatif Ngedalkeun (VP8)** klimaks, paralélisme, asindéton, bombastis, kontradiksio, polisindéton; 9) **Verba Perfomatif Nyalahkeun (VP9)** antitésis, paralélisme, répétisi, klimaks, antiklimaks,

ironi, asindéton, polisindeton, kontradiksio, bombastis, prolépsis; 10) **Verba Perfomatif Ngarewong (VP10)** paralélisme, antiklimaks, asindéton, Polisindéton, bombastis; 11) **Verba Perfomatif Muji (VP11)** asindéton; 12) **Verba Perfomatif Nyarék (VP12)** klimaks, antiklimaks, prolepsis, asindéton; 13) **Verba Perfomatif Ngedalkeun (VP13)** paralélisme, antitésis, klimaks, asindéton, polisindéton; 14) **Verba Perfomatif Ngajangjikeun (VP14)** klimaks, polisindeton, bombastis, hiperbola, asindéton; 15) **Verba Perfomatif Ngancem (VP15)** klimaks, paralélisme, polisindéton, asindéton; 16) **Verba Perfomatif Ngedalkeun-Ngancem (VP16)** klimaks; 17) **Verba Perfomatif Meredih-Ngancem (VP17)** klimaks; 18) **Verba Perfomatif Meredih-Ngedalkeun (VP18)** paralélisme, antitésis; jeung 19) **Verba Perfomatif Nyalahkeun-Ngedalkeun (VP19)** antiklimaks.

Dumasar tingkesan di luhur bisa dicindekkeun yén aspek-aspek pragmästistik dina naskah drama didominasi ku paguneman diréktif aya 218 data (55,61%) jeung asértif aya 149 data (38,10%). Pamakéan majas dumasar struktur kalimahna didominasi ku majas klimaks aya 103 data (44,21%), sarta dumasar lansung henteuna ma'na; rétoris didominasi ku majas asindéton aya 163 data (49,24%); kiasan didominasi ku majas sinékdoke aya 7 data (35%).

## 1.2 Rékoméndasi

Dumasar kana kacindekkan di luhur aya sababaraha rékoméndasi anu kudu ditepikeun nya éta:

1. Pikeun ahli sastra, naskah drama rajapati tilikan strukturan jeung pragmästistik mangrupakeun hiji ambahan anu lebet pisan ku ajén-ajén atikan pikeun nambahan pangaweruhna. Ku kituna, diperlukeun daya tapsir anu kuat pikeun nyangkem ma'na-ma'na anu dikandungna. Tapi tinangtu ieu ulikan téh masih héngkér, perlu ayana lajuning laku panalungtikan saterusna sangkan leuwih jembar.
2. Pikeun guru, sangkan leuwih ngajembaran kualitas éta pangaweruh, boh téorina boh aprésiasina;
3. Pikeun mahasiswa, panalungtikan ngeunaan struktural, jeung pragmästistik ieu dipatalikeun sacara langsung jeung widang pangajaran. Ku kituna, perlu ayana lajuning laku kualitas panalungtikan saterusna.